



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE UIT KONPAYI ANPLIS NAN NEW YORK PRAL KÒMANSE PWODUI EKIPMAN AK MATERYÈL KI GEN RAPÒ AK COVID-19 POU SIPÒTE BEZWEN YO NAN ETA A**

***4.9 milyon dola yo akòde fabrikan yo toupatou nan Eta a kòm rekonpans pral bay aksè ki pi rapid ak pi sekirize pou pwodui medikal pou sove lavi yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke New York te bay uit konpayi anplis nan Empire State la sipò pou yo pwodui materyèl ki nesèsè pou ede konbat pandemi COVID-19 la. Byenke, aktyèlman la Eta a pami kote ki gen pousantaj transmisyon ki pi ba nan Etazini, li enpòtan anpil pou nou prepare n pou posiblite pou gen yon dezyèm vag pou nou ka pwoteje travayè swen sante esansyèl yo ak popilasyon an. Fon sibvansyon sa yo pral ede alimante mank pwodui ki rive akòz pwoblèm nan chèn apwovizyonman yo ki ta ka rann yo plede monte pri materyèl sa yo. Konpayi sa yo pral ogmante tou kapasite fabrikasyon Eta a pandan y ap kreye nouvo travay ak opòtinite nan mache a. Jiskaprezan, yo te bay 28 konpayi kalifye ki baze nan New York plis pase 16 milyon dola sibvansyon pou yo reyòganize sektè aktivite komèsyal yo epi reyoryante anvè fabrikasyon materyèl vital yo pou kontinye efò entèvansyon ak retablisman yo.

"Pandan pandemi an, nasyon an te aprann yon leson difisil sou lefèt ke yo pa fabrike ase materyèl ki ka disponib byen rapid nan Etazini. Akòz de sa, nou te rankontre anpil difikilte pou n jwenn pwodui pou sove lavi yo ke yo prensipalman fabrike aletranje", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "New York ap rekonstwi pi byen epi plan pou nou vanse vè lavan gen ladan investisman nan enfrastrikti ki pral rann nou byen prepare epi sipòte konpayi lokal yo."

Nan mwa mas, Gouvènè Cuomo te mande konpayi ki gen operasyon ki baze nan New York yo pou yo reyòganize liy pwodiksyon yo pou yo ka fabrike materyèl enpòtan pou COVID-19 ki [apwouve](#), tankou respiratè, twous tès ak PPE, ki gen ladan mask filtran N95, mask chirijikal, blouz lopital, ak ekran pou pwoteksyon figi. Gouvènè Cuomo te deja anonse Eta a pral investi nan [20 konpayi](#) pou fabrike materyèl yo pou reponn a COVID-19, uit ladan yo te resevwa 4 milyon dola anvan sa pou ede fabrike pwodui yo isit la nan Eta New York.

"Nan yon moman kote nou ap kouri toupatou sou latè pou n chache jwenn ekipman pou pwotekyon pèsònèl, fabrikan Eta New York yo te reponn alapèl pou soutni ewo nou yo ki nan premyè liy k ap lite kont COVID-19," **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou fyè pou nou soutni fabrikan inovatè yo k ap pran devan pou yo sove lavi epi yo se yon modèl egzanplè ki montre fason nou dwe rekonstwi pi byen pou avni apre pandemi an."

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare,** "Eta New York gen anpil nan konpayi ki pi inovatè nan mond lan. Sipò ESD ap bay biznis sa yo pa sèlman reponn apèl Gouvènè Cuomo a ki mande pou endistri New York yo ede nan kad efò k ap fèt pou lite kont kowonaviris la, men li reflekte tou investisman k ap fèt pou ranfòse sektè fabrikasyon Eta a pou l adapte byen rapid ak nouvo opòtinite sou mache a epi kontinye kwasans entèlijan rekò li a pandan n ap rekonstwi pi byen".

**Altor Safety, LLC, Mid-Hudson: 800,000 dola** - se yon nouvo konpayi yo te keye an repons a kriz COVID-19 la, li te fòme apati yon patenarya ant PowerPak Civil & Safety, ki se yon distribitè nasyonal pou ekipman sekirite ak PPE, ak MetroWall, ki se yon fabrikan ak enstatatè klozyon enteryè an vit. Fabrikan sa a ki chita nan Konte Rockland lan pral pwodui ak distribiye kachnen jetab ki gen 3 kouch FDA apwouve yo fabrike nan Etazini epi yo pral investi plis pase 2.5 milyon dola pou achte machinri, ekipman ak materyèl bri pou fabrike ak distribiye pwodui sa yo. Nan nivo pwodiksyon konplè, Altor Safety LLC pral pwodui 3,000,000 inite kachnen ki gen 3 kouch pa mwa. Sa a se premye faz nan kad yon pi gran plan pou pote fabrikasyon mask ak lòt pwodui PPE yo retounen vin nan Eta New York ak nan Konte Rockland.

**Carestream, Inc., Finger Lakes: 750,000 dola** - se yon founisè mondyal pou solisyon sistèm imajri medikal; sistèm imajri radyografi pou tès ki pa destriktif; ak sèvis revètman presizyon sou kontra pou divès kalite aplikasyon endistriyèl, medikal, elektwonik ak lòt aplikasyon nan Rochester, ak nan Konte Monroe. Carestream pral investi 1.67 milyon dola pou kreye senk djòb pou pwodui 135,000 ekran pou pwoteksyon figi ke yo konte ekspedye apati mwa me 2021. Greater Rochester Enterprise te rekòmande pwojè sa a.

**D'Addario and Company, Long Island: 341,000 dola** - se yon fabrikan ki gen yon syèk depi yo baze nan New York epi se youn nan pi gran fabrikan akseswa pou enstriman mizik ki gen ladan kòd gita, tèt tanbou, ak lòt ekipman. Konpayi a, ki sitiye nan Farmingdale, Konte Suffolk, anplwaye plis pase 850 djòb nan Long Island. Lè biznis prensipal yo te fèmen an mas la pandan pandemi an, yo te transfòme espas la ak machinri yo imedyatman pou yo fabrike ekran pou pwoteksyon figi an plastik epi yo te kòmanse vann yo bay lopital yo. Sibvansyon sa a pral pèmèt D'Addario double pwodiksyon ekran pou pwoteksyon figi yo, sa k ap pèmèt yo ajoute nouvo ekipman, materyèl Rechèch ak Devlopman (R&D), ak fon woulman. D'Addario pral pwodui 1.2 milyon ekran pou pwoteksyon figi.

**Georgia Brown, LLC, Mid-Hudson: 44,400 dola** - se yon ti biznis ki sitiye nan New Windsor, Konte Orange. Konpayi a gen plis pase 15 zan eksperyans nan pwodiksyon, vant an detay ak distribisyon divès kalite pwodui pou estokaj ak òganizasyon nan kay, ansanm ak dekorasyon sezon fèt ak dekorasyon kay. Lè yo te reyalize moun bezwen anpil PPE nan moman difisil sa a, konpayi sa a te gen aksè a materyèl nesèsè yo epi yo te gen dezi ak volonte pou yo investi nan nouvo efò sa a, kidonk yo te deside reyoryante aktivite yo pou vin pwodui mask chirijikal 3 kouch. Georgia Brown, LLC pral investi plis pase 111,000 dola epi kreye twa djòb pou pwodui 30,000 mask pa semèn lè yo an plèn pwodiksyon.

**Hansen Industries, Inc., Long Island: 800,000 dola** - se yon fabrikan klimatizè ki sitiye nan St. James, Konte Suffolk. Islandaire pral reyekipe pou yo pwodui 2,000,000 mask chirijikal nan apeprè 6 mwa pou ede konbat pandemi COVID-19 la. Konpayi a te aksepte yon sibvansyon 800,000 dola kòm fon woulman pou materyèl medikal/enpòtan yo pou kòmanse pwojè sa a ki pral koute prèske 3.85 milyon dola epi yo pral kreye 10 nouvo djòb ototal.

**HC Contracting, Vil New York: 800,000 dola** - se yon biznis familyal ki gen yon istwa nan konfeksyon ak fabrikasyon rad gran mak, pwodiksyon inifòm ekip olenpik Etazini yo, rad pou defile, ak kostim pou pi gran Mak Ameriken yo depi 1987. An mas, yo te lanse yon inisyativ pou reyekipe faktori yo genyen toupatou nan katye Garment District nan Vil New York la yo pou soutni bezwen eksponansyèl pou apwovizyone PPE. Gras a èd ESD, kounye a PPE ki pwodui nan New York se eleman santral evolisyon modèl biznis ak vizyon alontèm Ferrara. Konpayi a te investi anpil milyon dola jiskaprezan, epi li pral investi 2 milyon dola anplis nan envantè, machinri, fòmasyon ak materyèl pou soutni 200 djòb nan etablisman yo genyen nan katye Garment District nan Manhattan, sa k ap jenere lavant pou anviwon 500,000 blouz izòlman ak lòt PPE akoutèm, epi akselere jiska plis pase 50,000 inite pa semèn. Ferrara pal pwodui blouz lopital Nivo 1, 2 ak 3, blouz laboratwa, tabliye, choson ak kapichon chirijikal - kèk ladan yo pral reyitilizab.

**NYPPE, LLC., Rejyon Lwès New York: 1,000,000 dola** - pral pwodui alafwa mask chirijikal, ansanm ak mask flitran N-95 yo. An plèn pwodiksyon, yo pral pwodui 360,000 mask filtran N-95 ak 1,800,000 mask chirijikal pa semèn. Konpayi a pral anboche 60 anplwaye aplentan.

**Ziel Inc. PBC, Mid-Hudson: 390,000 dola** - se yon fabrikan rad sou demann nan Newburgh, Konte Orange. Ziel pral reyoryante yon pòsyon nan operasyon fabrikasyon yo al nan pwodiksyon mask ki ekivalan a N-95 nan lokalite yo genyen nan Newburgh la. Piske yo wè operasyon sa a kòm yon operasyon esansyèl nan kad efò pou ede ranfòse apwovizyonman lokal la, Ziel pral kontinye pwodui mask nan etablisman yo a yon fason pèmanan. Konpayi a pral anboche anplwaye, achte materyèl bri, epi travay ak enjenyè yo pou devlope materyèl ki pa tise pou fè mask ekivalan a N-95. Ziel konte pwodui plis pase 38.5 milyon masks pandan senkan epi yo pral investi 1,000,000 dola nan pwojè sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU